

A Mubairo:

❖ Mubairo Wake.

- Ndivanaani vachagamuchira mubairo wavo kubva kuna Jesu paanodzoka?
 - (1) Vakarurama (Mapisarema 58:11)
 - (2) Avo vanokusha kururama (Zvirevo 11:18)
 - (3) Avo vanotambudzwa nekuda kwekuda kwekutenda kwavo (Mateo 5:12)
 - (4) Avo vanoda vavengi vavo (Ruka 6:35)
 - (5) Avo vasingatyi (VaHebhuru 10:35)
 - (6) Avo vanomutsvaka (VaHebhuru 11:6)
 - (7) Vaporofita, vatšene, vanotyia zita Rake (Zvakazarurwa 11:18)
- Mubairo uchaenzana nebasa romunhu mumwe nomumwe (1VaKo 3:8). Zvinoziva here kuti tinoponeswa nemabasa edu? Kwete!
- Ruponeso chipo icho munhu wose anogona kugamuchira zvisinei nebasa rake (Tito 3:5). Mumwe nomumwe akaponeswa achagamuchira “korona” yake, mubairo wakafanira (2 Timotio 4:8).

❖ Hupenyu husingaperi.

- Chii chatinofanirwa nacho chaizvoizvo? “Mubairo” wedu chii? Rufu chete. Mwari anotipa chii se“chipo”? Hupenyu husingaperi(VaRoma 6:23).
- Uyu mubairo watingakodzeri, mugumo wakasiyana chose newatinofanira. Munhu wose anogona kuwana mubairo uyu kana akaugamuchira nokutenda (Johani 3:16).

❖ Kuva naJesu.

- Avo vakatitangira kutenda vakanga vachitarisira kuti Mwari achavapa guta(VaHebhuru 11:10, 16; Zvakazarurwa 21:24). Tichawanei ikoko?
 - (1) Ruoko rwaMwari rune rudo ruchapukuta misodzi yedu. Marwadzo norufu zvichange zvisisipo(Zvakazarurwa 21:4).
 - (2) Bindu reEdheni, kwatichasvika tichidya kubva paMuti weUpenyu (Genesisi 3:22; Zvakazarurwa 22:2).
 - (3) Jesu. Tichamuona usu ne usu (Zvakazarurwa 22:4).

B Kutendeka:

❖ Kutarisira Tenzi...

- Mufananidzo wematarenda unobata nematarisiro atinoita zvatakapiwa naMwari, takatarisana neNguva Yokupedzisira (Mateo 25:14-30).
- Mwari anotipa chete zvatinokwanisa kuita.
- Wese munhu ane mutoro pazvipo uye zviwanikwa zvaakapihwa, zvisinei kuti zvingani. Mubairo wacho wakakodzera (Mateo 25:23).

❖ ...kusvikira Auya.

- Pauro akapinda nemumatambudziko mazhinji nekuda kwekutendeka kwake kuna Jesu (2VaKorinte 11: 23-28). Zvimwe hatizofanira kupfuura neizvi, asi hatina kuvimbiswa hupenyu huri nyore(2Timotio 3:12).
- Zvakadaro, Bhaibheri rinotii nezvokurarama upenyu hunobudirira uye hunofadza(1 Timotio 6:6-12)?
 - (1) Hazvinei nechekuita nezvekuva nepfuma zhinji
 - (2) Ndezvekuve nezvaunoda kana uchinge wakuzvida
 - (3) Ndezvekubatirira kuzvipikirwa zvaMwari
 - (4) Zviri pamusoro pekutenda Mwari uye kuvimba Naye
- Apo Jesu anodzoka, tichawana mubairo wedu wakafanira wekutarisira zviri Zvake (2 Timotio 4:6-8).